**दिन—बुधवार** **दिनांक—22.04.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

राष्ट्र आइ पहलगाम आतंकी हमलाक पहिल बरखी पर मृतक सभ के श्रद्धांजलि अर्पित कयलक अछि। जम्मू—कश्मीरक पहलगाम मे आजु के दिन आतंकवादी सभ छब्बीस निर्दोष लोकनिक हत्या कऽ देने छल। एहि मे बेसी लोक पर्यटक छलाह। पहलगाम आतंकी हमलाक जवाब मे भारतीय सशस्त्र बल पछिला वर्ष सात आ सोलह मई के राति मे ऑपरेशन सिंदूर शुरू कयने छल। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति सी.पी राधाकृष्णन, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, गृहमंत्री अमित शाह पहलगाम आतंकी हमलाक पहिल बरसी पर मृतक सभ के श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि अछि।

---

भारतीय जनता पार्टी निर्वाचन आयोग सँ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक विरूद्ध कथित अपमानजनक टिप्पणी मामिला मे कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खरगे के विरूद्ध कार्रवाईक मांग कयलक अछि। निर्मला सीतारामन, किरेन रिजिजू, अर्जुनराम मेघवाल आ अरूण सिंह सहित वरिष्ठ भाजपा नेता लोकनिक एक प्रतिनिधिमंडल आइ दिल्ली मे चुनाव आयोग सँ भेट कयलक। प्रतिनिधिमंडल आयोग सँ कड़गर कार्रवाईक मांग कयलक आ कांग्रेस अध्यक्ष सँ देश सऽ माफी मंगबाक लेल कहलक अछि।

---

राज्य मे नव गठित सरकारक पहिल कैबिनेटक बैसक पटना मे भऽ रहल अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक अध्यक्षता मे आयोहित बैसक मे दुनू उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी आ बिजेन्द्र प्रसाद यादव सम्मिलित छथि। मानल जा रहल अछि जे नव सरकारक पहिल कैबिनेट बैसक मे कतेको पैध नीतिगत फैसला भऽ सकैत अछि।

---

बिहार विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार चौबीस अप्रील कऽ आयोजित एक दिवसीय विधानसभा सत्रक सफल संचालन के लेल आइ सर्वदलीय बैसक बजौलनि अछि। एहि सँ पहिने आइ विधानसभा अध्यक्ष प्रेस सलाहकार समितिक बैसक मे मीडिया प्रतिनिधि सभ सँ सत्र संचालन के लऽकऽ विचार–विमर्श कयलनि।

———————————————————————————

महिला आरक्षण संशोधन विधेयक के लोकसभा मे पारित नहि होयबा विरोध मे राष्ट्रीय लोक मोर्चाक दिस सँ आइ राज्यक सभ जिला मुख्यालय मे **धिक्कार मार्च** निकालल गेल। मार्चक दरमियान पार्टीक कार्यकर्ता परिसीमन सुधार आ महिला आरक्षण लागू करो के  नारा लगौलनि। पूर्व मंत्री दीपक प्रकाश सेहो पटना मे प्रदर्शन मार्च मे सम्मिलित रहलाह।

———————————————————————————

भाजपा नेता आ पूर्व मंत्री श्रेयसी सिंह महिला सभ के लऽकऽ सांसद पप्पू यादव के अभद्र टिप्पणीक निंदा कयलनि। सुश्री सिंह कहलनि जे एहेन वक्तव्य पप्पू यादव के कुंठित मानसिकता के देखबैत अछि। ओ कांग्रेस नेतृत्व सँ प्रश्न कयलनि अछि जे कि ओ एहेन बयान सभक समर्थन करैत छथि?

———————————————————————————

राज्यपाल लेफ्टिनेंट जेनरल–सेवानिवृत्त सैयद अता हसनैन कहलनि जे शिक्षाक माध्यमे समाज मे मौलिक परिवर्तन आनल जा सकैत अछि। श्री हसनैन आइ कामेश्वर सिंह दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यालय मे अधिषद के उनचासम अधिवेषन के संबोधित कऽ रहल छलाह। राज्यपाल शिक्षक लोकनि सँ मूल्यपरक शिक्षा के बढ़ावा देबाक आह्वाहन कयलनि।

———————————————————————————

जनता दल यूनाइटेड राष्ट्रीय कार्यकारिणीक पदाधिकारी सभक सूची जारी कऽ देलक अछि। पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष नीतीश कुमार नव टीम मे स्वयं सहित चौबीस सदस्य के सम्मिलित कयलनि अछि। वरिष्ठ नेता संजय कुमार झा के पार्टीक कार्यकारी अध्यक्ष जखनकि

पूर्व सांसद चंदेश्वर प्रसाद चन्द्रवंशी के उपाध्यक्ष के जिम्मेदारी देल गेल अछि। एकर अतिरिक्त नीतीश कुमारक टीम मे बारह महासचिव आ आठ सचिव बनाओल गेलाह अछि।

———————————————————————————

विश्व पृथ्वी दिवस के अवसर पर आइ देश—प्रदेश मे कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल अछि। लोक सभ के पर्यावरण संरक्षणक संदेश देबाक लेल पौधारोपण, पेंटिंग आ आन प्रतियोगिताक आयोजन कयल गेल।

———————————————————————————

पूरा प्रदेश भीषण गर्मी आ लू के चपेट मे अछि। मौसम विभाग आइ रोहतास, औरंगाबाद, अरवल, कैमूर, शेखपुरा, नालंदा सहित राज्यक सोलह जिला मे उष्ण लहरि चलबाक संभावना के लऽकऽ येलो अलर्ट जारी कयलक अछि। विभागक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान अधिकतम तापमान बियालीस डिग्री सेल्सियस के लऽग पास रहबाक संग मोतिहारी, भागलपुर आ शुखपुरा मे लू एहेन स्थिति रहल।

———————————————————————————

शिवहर जिला भाजपा युवा मोर्चाक कार्यकर्ता लोकनि आइ जन आक्रोश महिला सम्मेलनक आयोजन कएलक। एहि मे पैघ संख्या मे लोकनि भाग लेलनि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।